литературияб гьумер



Церехъабазул кучIдул

Стр. 3

кIвар бугеб суал

ЧIунтулел росаби ва "мугIрузул сон"



Стр. 5


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 19 * ноябрь 2015 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 20 гъ.


*цIияб харбал*

# Районалъул бетIер вищана



ГIагараб щуго сонил болжалалда районалъул бетIерлъун вищана цевеккун райадминистрациялъул нухмалъулевлъун вукIарав Ражаб Ражабов. Иргадулаб сессиялда райсобраниялъул депутатазул киназго жидерго гьаракь кьуна гьесие. ЦIияв районалъул бетIерас баркала кьуна божилъи гьабиялъухъ ва рагIи кьуна район цебетIезабиялъе гIоло ракIбацIадго бажараб хIалтIи гьабизе.

**СПРАВКА:**
**РАЖАБОВ РАЖАБ ХIАЖИЕВИЧ гьавуна 1973 соналъул 22 августалда ЛъаратIа росулъ. 1990 соналъ лъугIана районалда гьоркьохъеб школа. 1993 соналъ лъугIана МахIачхъалаялъул автодорожнияб техникум. 1994 соналъ цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда муниципалияб нухмалъиялъул факультеталде ва лъугIана 1999 соналъ. 1997-1999 соназ хIалтIана МахIачхъалаялъул аэропорталда иммиграционнияб контролалъул тIоцебесеб категориялъул специалистлъун. 1999-2000 соназ хIалтIана «Белиджи» иммиграциннияб контролияб пункталъул бетIерав специалист-экспертлъун. 2002-2013 соназ хIалтIана иммиграционнияб отделалъул экспертлъун. 2013 соналдаса нахъе хIалтIана ЛъаратIа муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъул бетIерлъун.**
**Хъизан-рукъалда вуго, тарбия кьолеб буго кIиго лъимералъе.**

12 ноябралда депутатазул данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ГIалиханов, живго администрациялъул нухмалъулев Ражаб Ражабов, депутатазул Собраниялъул нухмалъулев ГIабдула ГIабдулев, росабазул администрациязул бутIрул, депутатал, районалъул идарабазул бутIрул ва гьел гуре цогидалги. Данделъиялъул аслияб суал букIана районалъул бетIер вищи. Конкурсалъулаб комиссиялъ райсобраниялъ вихьизавурав кIиго кандидатасда гьоркьоса киназго мустахIикъавлъун рикIкIана Ражаб Ражабов. КIалъазе церерахъараз цокIалалъ бицана гьесул махщалил ва административияб хIалтIуда бугеб хIалбихьиялъул хIакъалъулъ. Живго Ражабовас рагIи кьуна жиндир цIияб хIалтIуда ракIбацIадго, жиндаса бажараб гьабун хIалтIизе.

Лъалеб букIахъе, араб соналъ рищиязул законазда гьарурал хиса-басиязда рекъон, районалъул бетIер вищулеб къагIида ва жибго районалъул администрациялъул структура хисун буго. Гьанже районалъул бетIер вищулев вуго райсобраниялъул депутатаз жидеда жанисан гурев, конкурсалъулаб комиссиялъ рихьизарурал чагIаздаса. Жибго комиссия бащдаб республикаялъул бетIерасул вакилзабаздаса гIуцIула, бащдаб гьебго райсобраниялъул вакилзабаздаса. Комиссиялъ мустахIикъавлъун рикIкIана Ражаб Ражабов, ва хадуб райсобраниялъги тасдикъ гьабуна.

Райсобраниеги цебе букIараб къагIидаялъ бищулеб гьечIо. Гьанже гьенир росабазул вакилзаби гурел, депутаталлъун лъугьунел руго росабазул бегавулзабиги. Ай, гьел гIахьаллъулел руго районалъул бутIрул рищиялъулъ ва цоги райсобраниялъул кIвар бугел ишал тIуралаго.

ЦIияб къагIидаялда рекъон, районалъул администрациялъул жанисеб гIуцIиги хисун буго. Цеве районалъул бетIер (цадахъго райсобраниялъул депутатги) ва райадминистрациялъул нухмалъулев вукIун ватан, гьанже вуго цохIо районалъул администрациялъул бетIер ва райсобраниялъул нухмалъулев. ЦIияв районалъул бетIер вищана щуго сонил болжалалда. Гьарула гьесие хIалтIулъ бергьенлъаби, район цебетIезабизе ва тIадегIанаб даражаялде бахинабизе тавпикъ.

**Расул АБАКАРОВ**

---

*кIвар бугеб суал*

# Гьабун лъугIулареб хIалтIи

***Абула, рокъоб магIишаталъул цо щиб бугониги цIияб жо босани, гьелда рекъон хутIарабги хисизе кколилан. Гьединаб хIал буго районалдаги. Къойидаса къойиде райцентр бацIадаб ва берцинаб лъугьунеб букIана. ЛъикIаб хIалтIи гьабуна райадминистрациялъ: тIуна асфальт райцентралда, щула гьарулел руго гIурумухъал гIор кIанцIуларедухъ, къватIахъ лъун руго рищни-къул базе ящикал ва гь. ц. Амма балагьараб мехалъ, цо хIалтIи гьабун лъугIулеб букIун гьечIо, гьелъ тIамулел руго цогидалде кIвар буссинабизеги.***

## Цо панаяб хIухьел, хIамузул рехьед



Гьанже аслияб масъала буго райцентр сверун хьвадулел хIамул. Церехун гIададамал хIалтIизе тIамизе гьир баччулеб хIайван щоларого рукIунаан, гьенже хIамузул цIун буго район, гьечIо гьезул бетIергьаби, гьечIо гьел хIалтIизе тIамулел, ялъуни гьезул милат гьабулел гIададамал. Рищни къулалъул цIурал ящиказда аскIор чIолел руго гьел, гьебги къватIиб базабун, асфальтги ракул цIезабун.

КъваригIун буго гьел хIамузе гIадлу гьабулеб къагIида. Бегьуларищ росдал администрациялъ, полициялъулав участковияс бетIергьабиги ралагьун гьезда тIадкъазе гьел. Нагагь гьел къватIахъ рихьани бетIергьаби тамихIалде цIазе ккола. Цойги, чIезебизе ккола къватIал рацIцIунел чагIазул штат. Асфальт тIураб гIоларо гури, гьеб бацIад гьабизеги кколелъул, гьениб хIороца босун буго кинабго. Цо машина аскIосан ани шагьранухккун вилълъунев гIадан ахадаса тIараде щун хIороца цIола, ялъуни хIарщуца цIола. Гьелде кIвар кьезе ккола нухмалъулез.

## Тукаби

Антисанитария буго районалда ругел тукабаздаги. Дагьалъ цебе районалде бачIун букIана санэпиднадзоралъул комиссия. Гьеб мехалъ киналго тукабазул бетIергьаби гьелги рахан рокъоре лъутун ана. Гьелъие гIиллаги буго тукабазда санитариял тIалабал тIурангутIи. Кинабго бичулеб къайи жуба-гъубан буго.

Комиссиялъ халгьабуна «Хадиял» тукеналъул (хважаин – ГьазимухIамадова Жамилат) ва гьединго ДжабрагIилова Муъминатил тукен. Гьениб кинабго буго шагьаралъул тIалабазда рекъон, кинабго берцинго сокIкIун буго, бусада щибниги гьечIо, тукенчIужуялъ ретIун буго халгIат, щибаб къайиялда тIад рекIун буго тIад багьа хъвараб кагъат, тукан берцинго лъухьун буго. ХутIарал тукабазул квешаб хIал буго. СанэпидстанциялЪул хIалтIухъаби ракI лъикIал гIададамал ругеб къагIида, гурони гьел чагIи хIалтIизе риччазе бегьулароан.

*Ахир 2 аб. гьум.*

❁ кIвар бугеб суал

# Гъабун лъугIулареб хIалтIи



Начало на I стр.

## Министерствоялъ кIвар буссинабуна

24 ноябралда ЛъаратIе щвана республикаялъул тIабигIияб ресурсазулгун экологиялъул министрасул заместитель ГIали АхIмадов. Гьев вачIиналъе гIиллалъун ккана районалда рищни-къул бакIариялъул хIал хашаб букIин. Районалда чIезабун гьечIо рищни бакIарулеб хасаб бакI. Законалда рекъон гьеб букIине ккола щибаб муниципалитеталда. АнцI-анцI соназ рищни битIахъе Журмут гIурулъе рехулеб букIана, гьелъ кIудияб зарал кьолеб буго сверухъ бугеб тIабигIаталъе. Рищни бакIарулеб полигон батиги кIудияб масъала бугелъул.

Гьале гьанже гьеб суал роцIцIараб къагIида. Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас ва министрасул заместитель ГIали АхIмадовас халгьабун хадуб тIасабищана рищни-къул бакIарулеб хасаб бакI райцентралдаса рикIкIад гьечIого. Рищни бухIулеб полигон гьабие буго гьениб.

Араб соналъ нижеца газеталда хъван букIана районалда рищни-къул бакIариялъул хIакъулъулъ ва санэпиднадзоралъул баянги босун букIана. Рищни бакIариялъул хIалтIуе цIакъго хашаб къимат кьун букIана пачалихъияб идараялъ. Балагьараб мехалъ, гьелдаса гIемер хIалтIи гьабун буго райадминистрациялъул хIаракаталдалъун. Амма рищни-къул ящиказухъе щвезабураб гIолеб букIун гьечIо, гьел ящикал хIамуздаса цIунизеги кколел рукIун руго.

ЧАКЪАЛОВ



## ПРАВОВАЯ ИНФОРМАЦИЯ О МЕРАХ СОЦИАЛЬНОЙ ПОДДЕРЖКИ СТУДЕНТОВ ГОСУДАРСТВЕННЫХ И МУНИЦИПАЛЬНЫХ ОБРАЗОВАТЕЛЬНЫХ УЧРЕЖДЕНИЙ ВЫСШЕГО И СРЕДНЕГО ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ

**Это форма материальной поддержки студентов государственных и муниципальных образовательных учреждений высшего и среднего профессионального образования. Стипендия назначается студентам обучающимся по очной , бюджетной форме обучения. Государственные (муниципальные) академические и социальные стипендии назначаются студентам , обучающимся в образовательных учреждениях, счет средств федерального бюджета, бюджетов субъектов Российской Федерации и местных бюджетов.**

Размер государственной (муниципальной ) социальной стипендии определяется образовательным учреждением самостоятельно, но не может быть меньше полуторакратного размера стипендии, установленного законом для учреждения соответствующего уровня профессионального образования.

Право на получение социальной стипендии имеет студент, представивший в учебное заведение справку из органов социальной защиты населения по месту прописки о том, что его семья является малообеспеченной ( т.е. прожиточный минимум семьи ниже прожиточного минимума по РД на момент подачи документов) на основании поданных документов.

Управление социальной защиты населения вправе запрашивать информацию о составе и доходах семьи студентов, о принадлежащем ему и его семье имуществе на правах собственности, необходимую для определения студента к категории нуждающихся в социальной помощи, имеет право выяснять причину, по которой не работают родители студентов, проводить надомное обследование жилищно –бытовых условий семей.

В итоге Управлением социальной защиты населения по результатам проведенной работы выносится решение о выдачи справки студентам или же об отказе, разъясняя причину отказа.

Социальные стипендии назначаются в обязательном порядке студентам: из числа детей сирот и детей , оставшихся без попечения родителей; инвалидам 1 и 2 групп; пострадавшим в результате аварии на ЧЭАС; являющимся инвалидами и ветеранами боевых действий не зависимо от дохода семьи.



Справка на получение социальной стипендии выдается один раз в год в соответствии с приказом РФ № 487 от 27.06.2001г. «О стипендиальном обеспечении и других формах материальной поддержки студентов государственных и муниципальных образовательных учреждений высшего и среднего профессионального образования, аспирантов и докторантов»

❁ кIалзул гьунар

# ГIакъилабги кепабги

## БихьинхIамил кIерт

НекIо заманалда цо бихьинчиясул букIун буго хIамаги кIертги. Цо бакъ щвараб кьоялъ цо бечедав чи вачIун вуго гьесухъе, гьеб кIерт жиндир бугин. Иш ккун буго диваналде. Диванчиясухъе вачIине кколеб куц лъалев бечедас гьесие ришват-сайигъат кьун буго, мискинчи абуни чIового вачIун вуго. Диванчияс хIукму къотIун буго, кIерт бечедав чиясул бугилан. Гьеб мехалъ мискинчияс судиясда цIехон буго:

- Асул бихьинаб гурони хIамаги гьечIин, сунцIагIаги асие гьаб кIерт гьабураб? Судияс жаваб гьабун буго: «ТалихI бугев чиясул бихьинхIамаги къинлъула», - абун.

## ЧIужуялъул рокъов вугев рос

Гамаги ралъдалъ тIерхьун ун, хутIараб цо хъорщода лъедолел рукIун руго эменги васги. «Гьанже нилъедаса кIудияб къварилъиялда щвинги чи вугодай гьаб дунялалада», - ян гьикъун буго васас инсуда. – Нилъедаса кIудияб къварилъиялда вуго чIужуялъул рокъов вугев росилан бицун буго инсуца.

## Мадугьалги метерисеб къоги

МагIарухъ мадугьаласул вас вачIун вуго цо чиясухъе, метер лал тIамизе оц биччаларищан гьикъизе витIун вугин инсуцаян.

- Метер вачIа, хьул халатав инсул василан абун буго гIакъилав мадугьалас. Хадусеб къоялъ лал тIамилелде лалил бетIергьан хун ватун вуго. Хасил-калам, инсанасул гIумру цо лахIзаталъги божи бугеб жо гуро...

## «Человекообразные»

Цо армиялде арав тIадмагIарулас сурат битIун бачIун буго Россиялъул берал къваридал миллаталъул вакилзабигун бахъараб. Суратталда нахъа хъван буго «Бакьулъ дун, сверух «человекообразные» - абун.

## Щай цIунцIра бакьулъан къараб бугеб?

Цебе заманалда Сулейман аварагасда кинабго рухIчIаголъи мутIигIал рукIанила. Гьесда киназулго мацIги лъалеб букIанила. Цо нухалъ Сулейманица киназдего буюрухъ кьунила, цо-цо квен гьабун рачIайилан. Малъухъего рачIанила киналго.

Ва амма бищунго тIагIам бугеб квен цIунцIрадул батанила. – Кин дуца гьаб квен гьабураб? Щиб дуца гьорлъе жубараб? – ян гьикъараб мехалда, цIунцIра бицинарин лъутун унеб букIанила.

Сулейманица гъванкан нуцIаги къан, гьоркьобе ккезабураб мехалъ цIунцIраялъ ахIанила : «ЦIам! Бичасул авараг, цIам!», - абун. Гьедин, нуцIида гьоркьоб къан букIиналъ цIунцIра бакьулъан къараб лъугьанила.

Сайпудин ШЕЙХОВ

## РАЗЪЯСНЕНИЯ ПО ВОПРОСАМ НАЗНАЧЕНИЯ И ВЫПЛАТЫ ГОСУДАРСТВЕННЫХ ПОСОБИЙ ГРАЖДАНАМ, ИМЕЮЩИМ ДЕТЕЙ

**Вопрос: В каких случаях не назначается и не выплачивается ежемесячное пособие на ребенка?**

**Ответ:**

Согласно пункта 12 Положения о порядке назначения (перерасчета) и выплаты ежемесячного пособия на ребенка, утвержденного постановлением Правительства Республики Дагестан от 6 сентября 2007 года № 250 ежемесячное пособие на ребенка не назначается, а выплата ранее назначенного пособия приостанавливается:

а) если ребенок находится на полном государственном обеспечении;

б) если ребенок находится под опекой (попечительством) и опекуны (попечители) получают денежные средства на его содержание;

в) родителям на ребенка, в отношении которого они лишены либо ограничены в родительских правах;

г) если ребенок в возрасте до восемнадцати лет объявлен полностью дееспособным в соответствии с законодательством Российской Федерации;

д) если получатель снят с регистрационного учета по месту жительства на территории Республики Дагестан;

е) если среднедушевой доход семьи выше величины прожиточного минимума, дающего право на получение ежемесячного пособия на ребенка.

**УСЗН в МО «Тляратинский район»**

*литературияб гьумер*

# Церехъабазул кучIдул

**МагIарулазул кьалул поэзиялда хасаб бакI ккола «церехъебазул кучIдуца». Цо-цо мехалъ гьезда «чабхъад аразул кучIдулиланги» абула. Халкъалда гьоркьор «церехъабазул» абураб цIаралъ цолъиза-рула, гIадатаб куцалъ, кьокъагун чабхъад вахъарав пуланав багьадурасул бицунел кучIдул. Гьени-са бачIараб буго гьезул цIарги – «церехъабазул кучIдул». Нижеца цереккунги кьун рукIана газетал-да гьезул цо-цоял, гьаб нухалда кьолел руго цIиял.**

## ЧIегIерав ХIожоде[1] ясалъ гьабураб магIу

Унго, ле, чIванадай ЧIегIерав ХIожо,
ЧIунтаралги рала ГьерекIлил сиял.
ЧIваниги хвеларо ханав дир эмен,
Хваралги рахъина азнавурзаби.
РухI бахъарал тIутIал тIаде рахъина,
Нугьай гъалбацIалъул габур къулидал.
Зодибе мали чIван, чIухIарай лъади,
Малидул гIучI бекун, гIодой ккун йиго.
Ралъдалъе роц биччан, гьарурал лъимал,
Ралъад къун лъаларо, къварилъун руго.
Диеяли эмен къваригIун гьечIо,
КъваригIарабщинаб гъансиниб лъедал.

## Меселасул ХIакъалъулъ кечI

Дуниял бигьаги Гаваз ханасе,
Ансухъ[2] рачIайилан кагътал рачIарав.
Чиго хутIугеги Кахет боялда,
Меселав вачеян чапар гIунтIарав.
Меседил магIу тIун, гIодилей дун тун,
Меселас герана гургинал мугIрул.
ГIарцул хIухьел биччан, угьдилей дун тун,
Тирун ана лачен ТIинди кIкIалахъе.
Меселав ЦIоров щун щуго къо байдал,
Хабар бачIанила бухIаб ЦIороса,
Вай, Меселав наиб хванилан абун.
Холаро, холаро нижер Меселав,
Эхев лъаргIив ана боял рачине.
Хвезе чара гьечIо кьолбол бидулав,
Гьидерил чукъбигун Хурда[3] ватила.
Эхев лъаргIив индал, боял рачине,
Дур цIахIил гIаларча магьилъ свердулищ?
Гьидерил чукъбигун Хурда вугелъул,
ТIулалъул яцаца чухъа ретIунищ?
РачIунел рагIула эхе лъарагIал,
Гавази къварилъухъ къайи чIвалилан,
Къурели, Сабуда сухIмат лъелилан.
Гавази къварилъухъ къайи чIвалебдай,
Къол бакулеб чирахъ – нижер Меселав?
Къурели, Сабуда сухIмат лъолебдай,
Сапар бухьун арав мун вуссинчIелъул?
Сурхайил рокъобе меседил къолден
ГIукIдул ккун щущана тIад Ширакалда.
Инсул кавудахъе нуралъул хIуби,
Байган[4] беганадай жаниб ЦIоралда?
Азарго чи гIолев чи вукIунаро,
Чи гIун мун хведалго херлъарав эмен.
ЧагIи холеяли лъилгоги гIадат,
Огь, мун хваралдаса херлъарай эбел.
Яцаца лъутIараб хатайдул[5] гужгат
Бихьуларищ, яцал, гьудулалъ ретIун.
Гьудулалъ букъараб чIегIераб чухъа
Балагье, кьерилал, тIулилалъ ретIун.

## «Кидаго инчIей дун иццуй лъадае...»

Кидаго инчIей дун иццуй лъадае,
Рузман къойин абун жакъа гурого.
Меседил гIертIида гIарцул рухьен бан,
Лъадал цIедел абун жакъа гурого.
Цере-цере руго къорол руччаби,
КIи-кIиял рекъомо, шуршури буго.
Хаду-хадур руго кьерилал ясал,
Щу-щуял рекъомо, гаргари буго.
– Нужей талихI кьеял къорол руччаби,
Нужелъа шурулеб дидеги шуре.
ТалихI кьун рохаял кьерилал ясал,
Нужелъа гарулеб дидаги гаре.
– Нижелъа шурулеб дуда шурани,
Дур багIараб гурде чIегIер белъила.
Нижеца гарулеб дуда гарани,
БагIараб бетIеркьай мекъса сверила.
Билълъунеб бихьула ЦIороса къукъа,
Дир цIумур бараб год цадахъ гьечIого.
Бищун цебесесе саламги кьуна,
Бищун нахъедасда гьикъари бана.
– Вай, ЦIороса къукъа, ЦIороса къукъа,
Дир цIумур бараб год кибегIан тараб?
– Дур цIумур бараб год ЦIороб рохьазухъ,
Гуржи таватазде туманкI кьвагьулеб.
Дур рузидул хатал Гаваз къварилъухъ[6],
Азнагьурзабигун хвалчен кIатIулев.
– Нужеда гьикъарай дунго ялайги,
Гьикъун бицарал нуж цо хутIугеги.
Лъим цIеде босараб меседил гIеретI
ГIодой йикIун цIуна чакчакун магIил.
Гьениса йилълъана дирго рокъое.
Дараял лъутIулей эбелги йиго,
Кисаял къотIулел яцалги руго.
– Букъугела, эбел, багIараб дарай –
Дарай багIарлъани, ракI чIегIер буго.
КъотIугела, яцал, тIеренаб кисай –
Кисай тIеренлъани, тIул бицат буго.
– ГIодулеб гIоди щиб гъахIбадул кагIил,
Дур чехьалъул эмен хунги гьечIелъул.
Угьдулеб угьди щиб гважил ясалъул,
Дур тIулалъул вацал годекIабазухъ.
– ХIерав инсухъ гуро рокьи букIараб,
Рокьи бугеб хергъу хапун рагIула.
Хан вацазухъ гуро балай букIараб,
Балай бугеб лачен чучун рагIула.
Вай, дунги цIумани, цIобалъул Аллагь,
ЦIоробе гIебеде гьава гьабизе.
ЦIудулги тIинчIани, мун ТIадегIанав,
Закаталанибе руссен гьабизе.
ГIазу тирун байги доб Туплисалде,
Дур магьидул рукьби рукьуд кьвегIило.
ЦIад гIисинаб байги нахъ Ширваналде,
ЦIадал лъадал цIела рахъарал берал.
Гьури пуйге, Аллагь, нахъ Ширваналде,
Гьороца чучила чиллайдул михьал.

## Хъараш МухIамадиде[7] гьабураб

Рокъор ругонани, ЦIоралъул бицун,
ЦIорор ругонани, лъудбузул бицун,
ЧIалгIун руго дида нуж, гIолохъаби!
Рилълъа, ле, рилълъинин нилъго ЦIоралде –
Сасумо рагIулин хъахIил Алазан.
РачIале бухьизин халатаб сапар –
Кьижуму рагIулин хIакъаб капурлъи.
Сасулебгиябдай хъахIил Алазан,
Азарго иццул лъим гьорлъе жубараб?
Кьижулебгиялдай хIакъаб капурлъи,
ТуманкIул кIалалда макъу бухьарал?
Алазанги къотIун, Кьарбиги бахун,
ЦIоралъул рагIалде жал щвараб мехалъ,
Сасуму батараб хъахIил Алазан,
Кьижуму батараб хIакъаб капурлъи.
КIикъоялда анцI-анцI хонжроца хъуна,
Вахъараб капурас ярагъ базегIан
Лъабкъоялда анц-анцI хвалчаца чIвана.
Гьединаб хIалалда жал кьабгIелаго,
Цо галан батана гачид къачIараб.
Гачица къачIараб малид бихьана,
Махьхуца къачIараб хвалчад къотIана.
Галмиде нахъехун цо си батана,
ХъахIилаб зодихъе тIулби рагьараб.
Цо тIалаги бихьун, тIаде рахиндал,
Гьелда жаний йиго кIиго меседо –
Цо ца маргъалулай, цо гъал меседил!
Цо ца маргъалулай – ма, игьалисев!
Цо гъал меседилай – ма, цIатIанихъев!
Цойги тIала бихьун, тIаде рахиндал,
Гьелда жанир руго васалгин ясал.
Ясал рокьанани мусудул рачун,
Катанал жемизе гарбал халатал.
Васал рокьанани чергесал рачун,
Чакмаязда жанир угьдул гургинал.
Жодойго гIезегIан гIарацги босун,
Гьединаб хIалалда жал рачIинаго,
ВачIинев вихьула чIваяв ГьерекIли,
ЦIад баялда цеве чIегIер накIкI гIадин,
ЧIахIиял гIаскарал цадахъги рачун.
– Рухъе, гIолохъаби, тIерхьунел гвендал,
ТIагъур бахъаниги, нилъ дос теларо.
Гьаре, гIолохъаби, лебалал сунгрул,
Накалда кканиги, нилъ рорчIиларо.
Хонжроца гIури ссун, сангаралги къан,
Гьоркь рекIарал чуял гIожоеги лъун,
Кьвагьизе лъугьана гьел гIолохъаби.
Радал къалъизегIан туманкIул гьугъай,
ТуманкIул харица михьалги чIурхIун,
Къалъудаса нахъе хвалчадул тIванкъи.
Кьвагьа-кьвагьаралъул речIчIи бихьиндал,
АхIдезе рекIана мацI лъалев хъазахъ,
Гьаб гьитIинаб къокъа киса-щиб абун,
Кьокъадул цевехъан щиб росолъаян.
– Гьаб гьитIинаб къокъа белехьгин ансал,
Кьокъадул цевехъан Хъараш МухIама!
– Белехьилан ккечIо, хунзилан ккана,
ТуманкIул кьвагьиги хунздерил буго.
ВачIа, Хаш-МухIама, рекъел гьабизе –
Ясал рокьанани, мусудул кьела,
Катанал жемизе гарбал халатал!
Васал рокьанани, чергесал кьела,
Чакмабазда жанир угьдул ругинал.
Нужейго гIезегIан гIарацги кьела,
Пунги тIокIлъизегIан меседги кьела!
– Нужер нижей кьолел васалгин ясал –
Кьолел нижей бичас хIурулгIинзаби!
Нужер нижей кьолеб меседгун гIарац –
Кьолеб нижей бичас пирдавус алжан!
ГьерекIли хан чIвала, чуял рекIина,
Азнагьурзаби ккун, лъудби рачина.
ГьерекIли ханасул чуял рекIана,
Азнагьурзаби ккун, лъудби рачана.
Цо гIайибни ккана цевехъанасда –
Нахъа ЦIоров вагъун, Гъолода хойи.
Цойги гIайиб ккана Хъараш МухIамал –
Ругъун щвараб лъайдал, гьорлъ жувачIелъул.

1. ЧIегIерав ХIожо – Хьиндалазул бодул цевехъан Унсоколоса ХIажимухIамадида къокъго абулеб цIар.
2. Анцухъ – ЛъаратIа районалъул бакътIерхьуда бугеб улкаракьалъул цIар.
3. Хурда – гьидерил эркенаб жамагIаталъул бо бакIарулеб букIараб бакIалъул цIар.
4. Байган – унго.
5. Хатай – Китаялдаса бачIунеб букIараб хирияб ххам.
6. Гаваз къварилъи – гуржиязул Гавази хъала букIараб бакI.
7. Хъараш МухIамад (XVIII гI.) – машгьурав бодул цевехъан.



❁ *нас касается*

# Турецкий демарш



**В условиях важных изменений в стране и республике, когда любые политические или экономические изменения в стране касаются нашей республики и в том числе Тляратинского района, который граничит с двумя иностранными государствами и занимает важное географическое и стратегическое положение, газета «Тлярата» предлагает читателям актуальные материалы от коллег из других изданий. Сегодня вашему вниманию представляем редакционный материал от наших коллег из республиканского еженедельника «Новое дело» о том, как отражается на рядовых дагестанцах обострение отношений с Турцией и последовавших за ними двусторонних санкций. Неужели мы больше не купим турецкие джинсы на Восточном рынке, не купим дешевые помидоры, не поедем отдыхать в Турцию и т. д.**

Как и предполагалось, напряженность в российско-турецких отношениях всю прошедшую неделю только нарастала. Стороны обменялись жесткими заявлениями в стиле «сам ДАИШ[1]» (ДАИШ – ИГИЛ. – Ред.), продемонстрировали военные возможности и готовность положить миллионы жизней за мир в регионе и ликвидацию террористической угрозы. Дагестанские обувщики в шоке.

Роль главного радикала и «ястреба» со стороны досталась, как обычно, Владимиру Жириновскому. Лидер ЛДПР в привычной манере договорился до рассуждений о ядерном ударе по Босфору, волны которого смоют Стамбул. Ни один представитель российских властей слова лидера одной из парламентских фракций, постоянного претендента на пост президента страны не дезавуировал.

Кроме Жириновского отметился предложением нанести по Турции ядерный удар и режиссер Карен Шахназаров.

На высшем уровне стороны обменялись обвинениями в поддержке террористов и торговле с ними. Эрдоган заявил, что уйдет в отставку, если будут представлены доказательства, и спросил, уйдет ли Путин, если доказательств не будет. Россия усами, извините, устами пресс-секретаря президента Дмитрия Пескова ответила, что доказательства есть, но предъявлены они не будут. И тут же предъявила: на брифинге в Минобороны были представлены фотографии бензовозов, ждущих очереди для проезда через границу к турецким портам.

Турция ответила, что это не доказательства. А Россия сама торгует с боевиками. Через некоего сирийского бизнесмена с российским паспортом.

Всякого рода заявлений была еще масса, перечислять их все смысла нет – приведенные примеры дают представление об уровне «дискуссии». Апогей – слова Путина в Послании Федеральному Собранию: «Видимо, Аллах решил наказать правящую клику в Турции, лишив ее разума и рассудка».

Не знаем, как в питерских или стамбульских подворотнях, но в махачкалинских дворах «разборки» раньше обычно начинались именно с таких «разминок» – когда не было уверенности в легкой победе. Стороны прощупывают друг друга, пытаются «загрузить» словесно, «развести по понятиям» оппонента. И если не принудить к сдаче, то лишить духа и чувства собственной правоты. И надо знать: пацан, сдавшийся в такой ситуации без драки, уступивший, в большинстве случаев терял лицо и становился потенциальным «терпилой» для вчерашних «партнеров». Драка, пусть даже с поражением, считалась лучшим выходом. Вот такая перспектива.

А драка, судя по всему, может вот-вот начаться. Пока это просто наскоки «грудь на грудь». Россия вводит визовый режим и санкции экономического характера в отношении Турции. «Османы» максимально затрудняют прохождение российских кораблей через Босфор и Дарданеллы и проводят в районе учения ВМС. Россия подтягивает своих солдат, базирующихся в Армении, к турецкой границе и разворачивает комплексы ПВО С-300 в Сирии. Турки в ответ подтягивают новейшие средства радиоэлектронной борьбы для их подавления. Обе стороны прозрачно намекают, что готовы сбивать чужие самолеты.

## Самолеты «ДАИШ», будем надеяться :-).

Тем временем о настроениях в Турецкой Республике в связи со сложившейся ситуацией известно в основном из Сети. Общее впечатление: градус общественного накала там не столь высок. На госуровне Турция тщательно демонстрирует, что это конфликт не народов, но государств. Турки не стали вводить ответных экономических санкций, заявили о готовности принимать российских туристов в безвизовом режиме.

В то же время в нашей стране, судя по телерепортажам, газетным статьям и сетевым баталиям, превалируют воинственные настроения. Министерства, ведомства, организации во всех сферах и на всех уровнях – от муниципального до федерального – как будто соревнуются, кто укусит побольнее. Вузы сворачивают совместные программы и рекомендуют турецким студентам вернуться на родину, граждан Турции увольняют с работы (даже мужей россиянок) и т.п. Весь набор российских экстремальных удовольствий, не нам вам объяснять. И в этой ситуации наш Дагестан пока выглядит исключением. Антитурецкой истерии у нас не наблюдается. И это притом, что разрыв с Турцией, где живет большая кавказская диаспора, именно для нашего региона – буквально «разрыв по живому». И дело не только и не столько в связях кровнородственных или ментальных.

В течение недели корреспонденты «НД» пытались выяснить, как скажется кризис в российско-турецких отношениях на отношениях дагестано-турецких. Скажем сразу: про судьбу связей межгосударственных информации набралось немного. Чиновники, владеющие информацией, делятся ею неохотно и с опаской. Их можно понять: с одной стороны, «вертикаль» самостоятельности не терпит, с другой – завтра «нацлидеры» помирятся, а расхлебывать последствия непродуманных или поспешных слов и действий придется чиновникам поменьше.

Именно поэтому пока не удалось узнать о судьбе приоритетного инвестиционного проекта по запуску в Дагестане текстильного производства турецкой компанией «Нергиз», с которым руководство республики связывает большие надежды.

Пока нет ясности и относительно судьбы совместных образовательных программ. В пресс-службе Минобрнауки республики сообщили, что на уровне министерств совместных программ с Турцией у республики нет. Только на уровне вузов. Председатель совета ректоров вузов, ректор Дагестанского государственного технического университета Тагир Исмаилов по просьбе «НД» в четверг поручил подготовить соответствующую справку. Она будет готова на следующей неделе.

Не получили мы пока ответа и от представителей многих других министерств и ведомств. Причина все та же – общая неопределенность. Но при безусловной поддержке политики руководства страны, разумеется.

Более смелыми оказались частные предприниматели. Но и здесь об абсолютной открытости речи нет. Люди почему-то не хотят, чтобы в газете упоминались их имена. Странные. Чего опасаться в правовом государстве? И тем не менее.

Как рассказала жительница Махачкалы, работающая на Восточном рынке, ситуация уже ударила по карману не только продавцов вещевых рынков, но и покупателей.

«Вчера ездила в Хасавюрт на вещевой рынок и была ошарашена ценами. Обувь, которая несколько недель назад стоила 3–3,5 тысячи рублей, сейчас продается за 4,5– 5 тысяч рублей».

Сами торговцы тоже оказались в сложной ситуации. Те, кто ездит через азербайджанскую границу, насколько мне известно, на обратном пути, уже на российской границе, могут остаться без части товара. Мне рассказывали, что на границе изымают товары с турецкими штрих-кодами и этикетками. Многие раньше заказывали через «карго»-компании[2]. Теперь и они отказываются переправлять товары, поскольку тоже сталкиваются с проблемами на таможне», – рассказывает женщина.

Как рассказал другой бизнесмен, занимающийся поставкой «лаковой» обуви в города, российские санкции в отношении Турции затронули и дагестанских производителей обуви.

«В Турции для производства обуви закупались клеи, ранты и другие комплектующие. Сейчас производители думают, как их заменить. Возможно, будут закупать в Китае, Корее, на худой конец будут использовать наши. Как это скажется на цене, пока сказать трудно», – рассказывает предприниматель. «НА ХУДОЙ КОНЕЦ БУДУТ ИСПОЛЬЗОВАТЬ НАШИ» – фраза стоит того, чтобы ее повторить.

Один из цеховиков, тоже имеющий магазин с турецкими комплектующими для производства обуви, рассказал, что в сложившейся ситуации имеет место и спекулятивный момент.

«Обычно мы закупаем турецкие комплектующие на базе в Ростове. Как сбили самолет, началась паника, ростовчане сразу же подняли цены на товар. Понимая, что это последние запасы, покупатель пошел на поводу у спекулянтов и стал закупать комплектующие по этой цене. Возмущаются, но закупают. Клей, ранты, супинаторы, нитки подорожали на 15–20%. На границе усилили досмотры и не пропускают товары из Турции. Пока мы распродаем остатки и ждем, что будет.

Не думаю, что производителей в этой сфере из-за дополнительных расходов станет меньше. Они не будут работать себе в минус, поэтому ситуация в первую очередь ударит по карману покупателей», – считает он.

Главный редактор интернет-ресурса «Кавказская политика» Максим Шевченко считает, что обострение российско-турецких отношений неизбежно отразится на жителях республики. Как отрицательно, так и положительно.

«Дагестанцы ранее тысячами совершали хиджру в Турцию, где никто не нарушает прав мусульман, где в школах не учат детей разврату и пороку. Я говорю о качественно ином уровне жизни в турецком обществе – нормальном и человеческом, особенно для мусульман. Поэтому, конечно же, наши (силовики. – Ред.) начнут «работать» по семьям тех, кто уехал в Турцию. Найдут тех, кто в Турции часто бывает, кто любит там отдыхать. Ударят по кумыкам с ногайцами, найдут среди них пантюркистские подпольные организации. Аварцам, лезгинам, лакцам пантюркизм особо не приклеишь, но и на них найдут что повесить. Турецкая мечеть, турецкое медресе, тюркоязычные имамы – все попадут под специальный надзор...

Я ничего не знаю про экономический обмен с Турцией, но могу сказать: если в Дагестане исчезнут турецкие помидоры – это будет огромный плюс. Помню, как в Хасавюрте лет семь назад я удивился, когда купил турецкий пластиковый помидор. Понимаете, при наличии рядом Азербайджана этот яд везли в Дагестан. Поэтому если турецкие овощи перестанут поступать в Дагестан – это огромный плюс. Наконец в Дагестане построят теплицы и будут создавать какие-то свои овощи, которые круглый год могли бы продавать».

По части «помидоров» с ним согласен и наш постоянный эксперт, экономист Михаил Чернышов. Хотя риск экономических потерь для наших стран он считает минимальным.

«В первую очередь конфликт ударит по туристическим и турецким строительным компаниям, работающим у нас. Что касается потерь по импорту продовольствия, я думаю, они будут небольшими. Россия обойдется без турецких мандаринов, да и помидоров. По легкой промышленности пока нет запретов, но думаю, если ее российско-турецкий кризис коснется, Китай эту нишу с успехом займет.

В данном конфликте речь идет и о 80 тысяч турецких рабочих в России, работающих по подрядам. Но объекты к чемпионату мира по футболу не будут трогать, как не будут трогать госпордяды. Турции планирует помочь Европейский союз на так называемую поддержку беженцев. Поэтому ни Россия, ни Турция от взаимных санкций сильно не пострадают».

**«НОВОЕ ДЕЛО»**

[1] Террористическая организация. Деятельность на территории России запрещена.

[2] «Карго» (от английского cargo) – «груз». Компания, занимающаяся доставкой и таможенным оформлением товаров. Сочетает функции перевозчика и таможенного брокера. Суть схемы: заказчики обращаются в «карго»-компанию с просьбой доставить необходимый товар, обычно из Китая, Турции или ОАЭ. Иногда груз за границей закуплен самими заказчиками, иногда они просто дают заявку «каргачам», и те сами покупают необходимый товар. «Карго»-компания работает под свой контракт, сама переводит деньги за границу, осуществляет доставку и декларирование. Далее груз в реале передается заказчикам, по документам – якобы продается цепочке разных фирм.

# Шагьаралда рукъ лъица босулеб?

**Россиялда бищунго цебе доллар хиралъиялдалъун ва багьаби рахиналдалъун гIадатиял гIадамазе загьирлъараб экономикияб кризисалъ гьезул гIумрудул планалги хисизаричIого тун гьечIо. Масала Дагъистаналда мина-ракьалда сверун дармилъ гьоркьохъанлъи гьабулел агентлъияз кьолел баяназда рекъон, кризис сабаблъун тIубан дагьлъун буго гIадамазул мина-ракь босизе ругел ресал, гьелъ гьабсагIат буголъиялъул даранги чIун буго. Жакъа МахIачхъалаялда рукъалъул багьа щиб, бугищ гьеб босизе гIадамазул рес?**



Цересел соназда данде ккун 2015 соналда Дагъистаналда дагьлъун руго цIиял рарал ва кIиабизе рича-хисулел рукъзабазул даран. Гьоркьохъеб куцалда, 2015 соналъул тIоцебесеб бащалъиялда мина-ракьалъул багьаби 10 проценталъ гIодоре ккун рукIун руго, амма лъагIалил кIиабилеб бащалъиялда багьаби нахъеги рахун руго. ЛъагIалил авалалда, санкциял сабаблъун ва гъурущ цо ккураб хIалалда букIинчIолъиялъ, кодоб гIарац бугел чагIаз гьеб гIарац буссинабунила рукъзабазде, гьеб мехалда лъикI цебе анила иш, амма хадусала сихIкъотIи бачIанин мина-рукъ бича-хисиялъул бизнесалдейин бицунеб буго Риэлторазул ассоциациялъул вакил ХIайдар Садрединовас:

«Кризисалъул заманалда гIарац боголъиялде, ай мина-рукъалде сверизаби бищун лъикIаб буго, гьединлъидал кризисалъул авалалда, цо гIадамал телевизорал ва цогидаб къайи босулел рукIарал гIадин, цо къадар гIадамаз рукъзалги росана. Амма гьабсагIаталда сихIкъотIи буго боголъи бича-хисиялда жаниб».

Экономист Эдуард Уразаевас баян гьабухъе, цакъго дагьлъун руго гIадамаз кредитал росун росарал мина-рукъзабазул къадарги. Гьадингоги ипотека гIемерал гIунгтIаби ругел ва чиясе бецIизе захIматаб букIанила. Гьанже гьеб жеги цIикIкIинабун бугила. Масала, цебесеб соналъ банказ ипотекалда мина-рукъ босулаго чIезабураб проценталъул къадар 14 процент букIун батанани, гьабсагIаталда гьеб 17-18 процент буго. Цадахъго, щолел харжал хIисабалде росун, дагъистаниязул цIакъ гIодорегIанисел ресал ругила боголъи ва мина-рукъзал росизе.

«Мина-рукъзал раялъул жигар, Дагъистаналда исана, 2014 соналда данде ккун, дагьлъун буго 14 процентаалъ. Жакъа кьоялде цо миллион кв.метраялдаса циIкIкараб къадар мина-рукъалъул хIалтIизе биччан буго республикаялда.

ГIадамаз банказдаса кредитал росун рарал ва росарал мина-рукъалъул къадар 32 процентаалъ дагьлъун буго. ГIаммаб куцалда, бищун цIикIкIараб къадар мина-рукъалъул хIалтIизе биччараб бакIазул сияхIалда Дагъистан буго ахиралда, нилъедасаги гъоркьехун буго Чачан республика. Амма Дагъистаналда Чачан республикаялда данде ккун цIикIкIарал руго гIадамал. Дагъистаналда боголъиялъул рынокалда кризисалъул лъикIаб кьаби щун букIин бихьула гьелдасан. Лъалеб куцалда хиралъун гьечIо рукъзабазул багьа, амма инфляция хIисабалде босун харжал хутIун руго хисичIогон, гьелъ харжазда данде ккун хал гьабидал лъикIаб хIалалъ рахун руго гьезул багьаби.

Гьеб гуребги, МахIачхъалаялда цо лъагIалида жаниб чанго нухмалъулев хисана, гьезул щивас къануналда рекъон ралел гьечIилан цо-цо бакIал къана, гьелъги батизе бегьула Дагъистаналда багьаби рахун рукIин, цогидал регионазда гьел гIодоре ккун ругеб мехалда», - ян бицана экономистас.

Дагъистаналда цересел соназ аслияб куцалда минаби рай цебе тIолеб бакI МахIачхъала букIун батани, ахирал соназ гьелдаго бащалъун бачIун буго Каспийск шагьарги. Масала, цебе-цебе рукъзабазул багьа Каспийск шагьаралда МахIачхъалаялдаса гIодобегIанисеб букIун батани, гьанже гьеб цогогIадинаб бугин абулеб буго «Астория+» абураб мина-ракьалда сверун дармилъ гьоркьохъанлъи гьабулеб агентлъиялъул вакил МухIамад МухIамадовас. ЦIияб балеб бакIалда, масала кIиго рукъ бугеб квартираялъул багьа цебе 800 азарго гъурущ букIун батани, гьанже гьеб цо миллионалдеги бахунилан баян гьабуна гьес «Эркенлъи» радиоялъе. ГIаммаб куцалда, агентлъиязул хIалтIи цIакъ дагьлъанила 2015 соналда.

«Араб соналде данде ккун цIакъ дагьаб къадар буго дараналъул. Нижер хIалтIи бикьула лъабго аслияб бутIаялде: ЦIиял ралеб бакIалда рукъзал, ай каркасал ричи, кIиабилеб нухалда бичулел рукъзабазул даран ва ижараялъ (аренда) кьолел бакIал. ЦIиял ралел бакIалда рукъзал росиялъулцин мадар буго, амма жанир рукIа-рахъине бегьулел квартираби цIакъ къанагIат цIехолел руго. Бихьулеб буго гIадамазул рес гьечIолъи, яги рачIуна хирияб автомашинаялъухъ хисизе къваригIун, амма гьаб заманалда хирияб автомашинабиги росуларо. Араб соналда ричизе рихьизарун рукIарал рукъзабазул цо бутIа ричичIогон таралги ккана бегIергьаби, кризис бугеб мехалъ гьел ричиялдаса инкар гьабун. Ижараялъ росулел квартирабазул багьа абизегIана куцалъ рахинчIо, цересел соназдe данде ккун, амма гьел цIакъ къанагIат гурого агентлъиялде рачIун кколел гьечIо», - ян бицана МухIамадовас.

Цойги гьес абуна, гьабсагIаталда МахIачхъалаялда кIиго рукъ бугеб квартираялъул багьа кколеб бугин гьоркьохъеб куцалда 2 миллион гъурущ. Багьа бараб букIунеб буго рукъзабазул даражаялда. Балеб бакIалда каркасалъул багьа 700 азарго гъурущидаса бахьун 1,5 миллионалде щвезегIан.

Гьанибго абизе ккола, МахIачхъалаялда ругел чанго рукIарахъиналъул комплексазул Элитаялъулалилан рикIкIунел. Гьединал минабахъ квартираялъул багьа 20-25 миллион гъурщидеги бахунеб буго.

**ПатIимат ХIАСАНОВА**

**Дун гьаб нухалъ сапаралъ магIарухъе ккана. Цере ЛъаратIе унеб мехалда къелдерил кьодаса тIаде унеб бакIалда гIадамаца къуру бекIкIун, гIанлъун гьабураб тоннель букIана. Гьениса тIаде рукIана цIакъго квешал, сагIтие 10 километраялдаса хехго машина бачине рес гьечIел гвендацаги, нухде рортарал ганчIацаги цIурал нухал. Гьеле гьеб къуру борлъараб бакIалдаса тIаде совет пачалихъ щун гьечIин махсаро гьабулаан лъаратIисезги цIунтIисезги.**

# ЧIунтулел росаби ва "мугIрузул сон"



Гьеб "совет пачалихъ щун гьечIо" абураб жоялъул букIана кIиго батIияб магIна. ТIоцебесеб - гьеб кIиго районалде нухалги, инфраструктураги, цIияб заманалъул хинлъиги канлъиги щвечIого тун ругин абураб. КIиабилеб - "совет пачалихъ щун гьечIо" - ялъул магIна букIана гьеб улкаялъул квегIенлъабазаса махIрум гьарун тарал районаца гьебго пачалихъалъул законги, гьезул тIалабалги хIалел рукIинчIин абураб жо.

ХIангутIизе рес гражданазе кьолеб пачалихъ доб букIинчIо. Амма разилъи гьечIолъиялъул гIаламатал рукIана. Анекдоталги гIадада рижулел жал гурелъул. Бицунаан, тIохда чIвазе махх щоларев хьванас РАЙПОялдаги, тукенчагIаздаги гIарзал гьарулаго хIасил ккечIеб мехалда Кремлиялда Ленинихъе хъван бугила гIарза. Райкомалъул инструкторги вачIун гьикъун буго дуца щай хварав Владимир Ильичихъе гIарзал хъвалел чIагояв Леонид Ильичги тун, мун щиб гьабулев чиян. "Ленин чIаго вуго, щулаго вуго" - ян кучIдул ахIула гурищ рукIунел нуж щибаб байрамалда. Гьанже дие махх къваригIарабгойищ ав хварав?" - ин абун буго цин бахъараб хьванас. Гьединаб, "къуру борлъаралъуса тIаде закон гьечIо"- ян цо-цо гIадамаз, бугин компартиялъ ва гьелъул хъулухъчагIаз рикIкIунеб гьоркьоблъи букIана гьеб кIиго районалъул ва пачалихъалъул.

Гьеблъиялда ана 70 сон СССРалъул, килщида килищ хъвараб жо гьел районазде нухалги шартIалги гIуцIиялъе гьаричIо 90 абилезда республикаялъул нухмалъиялъги. Улкаялда "тучные 2000-е" абун цIар щварал бечедал соназдаги откатазулгун ришватазул мурадалда школалгун, больницаби, яслиахал гIадал бакIал рана. Амма гьадаб магIарулаца кверaлъ гIанлъараб бецIаб гьитIинаб тоннелги, квешал нухалги, мискинаб яшавги магIарухъ хутIана. Гьеб гьабизе ракIалдецин ккечIо МухIул заманаялдаги, МухIамадсаламицаги гьабилищха гьеб магIарулазул нухмалъулеца гьабичIеб?

Гьел районазде нух гьабизе байбихьана республикаялъул бетIерлъуде Рамазан ГIабдулатIипов вачIаралдаса. Байбихьиги гьабуна гьеб тIубараб Россиялъе ва Грузиялъе кIвар бугеб халкъазда гьоркьосеб аваро-кахетиялъул нухлул проект хIисабалда. Исана гьидерил кьодаса тIаде 12 километр нухлул хьил тIуна, добаса тIаде ЛъаратIа щвезегIан гьадабго "совет хIукумат щвечIеб" дуниял бугин абизе бегьула. Амма буго цойги "дунял" гьеб ЛъаратIа районалдеги тIаде Рутул ва ЧIарада районазул, Азербайджан ва Грузия пачалихъазул гIорхъоде кколеб некIсияб Анкьракьалъул дуниял.

Журмуталъул бетIералда бугеб Къамилухъа бахьараб кинабго ТIомуразул, Къаналазул, Лъебелазул ва Бугъундерил жамагIатазул росаби жанире рачун руго гьелъ. Райцентралдаса тIаде росабалъе унаго гIурул рагIал чIван унеб букIараб нух Лъебелазул росабалъа байбихьула борхалъуде бахине, битIахъе зодобе унеб гIадин. Гьеблъиялда унаго рахуна лъебелазул кочIолъ ахIулеб гIадаб "тIад хIинчI бахунареб борхалъиялде".

Квешал, ралагьизе бер бихьулел, чанил малъ рекIунарел парсалъа уна чIедераб автомобилалъул нух ва гьенисан машинаби. Ахада километралъул гъварилъуда бихьула гIарцул кьераб борохь гIадин къуркьудилаго унеб Журмут гIор. ТIадехун махил, гьадил, лъорил ва батIи-батIиял гъутIбузул гъалимал рохьал, жанир бакI-бакIазда харил сагаби, борхалъуде, мугIрузде гIагарлъарабго байбихьула накIкIил рохьал. Дорасаги тIаде зобалазде арал мугIрул тIогьал риидалги цо-цо мехалда гIазу бинарел. ХIикматаб берцинаб тIабигIаталъул ва гIалхул рухIичIагоолъилъул дуниял.

Щобазда хъаравуллъуда эхетарал бисал ва гьезие чан къалел бацIал, рохьазда ритIучIал, хьабан ва циял. ХIатта дагьаб цебегIан ахираб 20 соналъ тIагIараблъун тараб, хIатта "багIараб тIехьалде" босараб леопардги батана лъебелазул рохьазда. Гьеб хIикматаб флораялъул ва фаунаялъул дунялалда ва берцинлъиялда хутIун руго кулабазде руссарал, щибаб соналъ гIатиракьалде гIадамалги ун чIунтулел гIисинал росаби.

Квешал, автоавариязда гIадамал чIвалел нухал, зодихъ накIкI бахъарабго тIагIунеб ток (гьаб сагIаталда макъала хъвалаго тIагIана канлъи), гьечIел хIалтIизе бакIал ва захIматал шартIал. Щай ал нухал гьаб борхалъиялдаса гьарун ругел? Щибаб росулъе батIаго гIурухъа тIаде нух бахъичIого. Харж гьабулеб гIарац дагь ине. Гьеб ахIмакъаб политикаялъул хIасилалда нус-нус гIолохъаби чIвана нухазда.

Къамилухъа ЛъаратIе щвезегIан чи хваралъуб дугIа кьезе байбихьани кверал цере кковухъего хутIулел руго. Гьаб сагIатги гьеб хIикматаб тIабигIаталъул, таваккалал, ракI тIагIидал, бахIарчияв гIадамазул ракь хутIун буго сверухъ бугеб дунялалъул квегIенлъабаздаса ва цебетIеялдаса махIрумги гьабун. Гьаблъиялда ани гIагараб анцIго соналда жаниб ЛъаратIа районалъул эхеди мухъалъул росаби тIуранго тIагIизе руго ракьалдасаян абулеб буго бакIалъул гIадамаца. Гьел лъугIиялъе квербакъиги гьабулеб буго доре лъикIал, хIинкъи гьечIел нухалги, канлъигун хинлъи чIезабизе кIолареб пачалихъалъ ва тIадчагIаз.

БачIунеб сон "МугIрузул сонлъун" лъазабуна республикаялъул бетIерас. Гьеб хIукму ГъунибгIун Хунзахъ данделъиги, ЦIамагIури фестивальги тIоритIиялдалъун лъугIани, нухалги, токалъул мухъалги хисичIого, чIунтIила магIарухъ росаби. Кинаб хIисаб гьеб хIукмуялъул бугебали лъала гIагараб заманалда.

Хабар лъикIаб рагIайги!

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

*Дин ва гIумру*

# Дару гьечIеб унти Аллагьас бижун гьечIо

**Тавбу буго тIоцебесеб гали. Диналъул кьучIазул цояб ккола гьеб. «Канзул магIарифалда» Сайфуллагь къадияс (къ.с.) бицун буго жиндалъун мунагь чуриялде хьул бугеб тавбуялъул шартIлъун бугин ккараб мунагьалда, Аллагьасе гIассилъи гьеб букIин халгьабун унго-унголъун ракIбухIи. Гьебги гьелда релъъарабги мунагьалде тIадвуссинарилан ракIбацIадго къасд гьаби. Цинги къасдалда рекъон гьеб мунагь гьабиялде тIадвуссинчIого чIей ва гьебсагIаталда мунагьалда гьорлъ вукIун ватани бакIалдаго гьеб рехун тей. Гьарурал зулмаби, кьечIеб закат батани, гьездаса рацIцIалъи гьабиги шартI ккола. Гьединго каккIал бецIиги. ШартIазулъ ками ккани, тавбу тIубараблъун букIунаро.**



# БИЩУН КIУДИЯБ ШАРТI – МУНАГЬАЛДА РАКI БУХIИ

ГьитIинаб букIа, кIудияб букIа мунагьалдаса тавбу хехго гьабизе ккола. Мунагь ккун хадуб тавбу гьабизе гIолебгIанасеб заман гьеб гьабичIого биччан тани тавбу кватIизабиялдалъунги Аллагьасе гIасилъаравлъун ккола. ГIиззудин бин ГIабдусалам абулев гIалимчияс абулеб буго мунагьалда тавбу гьабичIого кигIанасеб заман биччан батаниги, гьеб заманалда жаниб чан нухалъ тавбу гьабизе рес букIун батаниги гьедагIан нухалъ Аллагьасе гIасилъаравлъун кколила гьев. Ва доб тIоцебе ккараб мунагьалдасаги гьелдаса тавбу гьабичIого заман биччаялдалъун тIаде рачIарал гIасилъабаздасаги хехго тавбу гьабизе кколила. Тавбу гьабун хадубги доб мунагь ракIалде щванщинахъе тавбу гьабизе кколилан абулеб буго Абубакр Бакъиланияс. ГьабичIони, цIидасан гIасилъи гьабуравлъун вукIинила ва жеги гьелдасанги тавбу гьабизе кколила.

Цереккун гьарурал мунагьазул щибаб ракIалда бугони, щибалдаса батIа-батIа гьабизе ккола тавбу. ГIемерал мунагьаздаса цадахъго цо тавбу гьабун тIубаларин абулеб буго Заркашияcги. Тавбу гьабулаго церехунисел мунагьал бажарун ракIалде щвезарун щибалдасан тавбу гьабизе къасд гьабизе ккола. РакIалде щвечIел, кIочон тарал мунагьаздаса гIамм гьабун тавбу гьабизе ниятги гьабила, хIалкIвечIеб жо гьабеян абуларелъул. Мисалалъе босун, ракIалде щвечIел мунагьаздасан тавбу гьабулаго абизе бегьула дида гьабсагIат ракIалде щвечIеб мунагь батани, гьелдасанги тавбу гьабулин дица Аллагьасда цебе.

Тавбу гьабулаян абун кIалалъ тавбуялъул рагIи абун, ракI мунагьалда пашманлъичIого бугони тавбу кколареблъиялдеги кантIизе ккола. ГIиязил Фузайлица абун буго мунагьги течIого мунагь чуреян гьари гьерсихъабазул тавбу бугилан. Машгьурай гIибадатчIужу, Аллагьасул вали РабигIатул ГIадавиятица абулеб букIун буго гьаб нилъеца гьабулеб тавбуялдаса жиндасаго чанго нухалъ тавбу гьабизе хIажатаб хIал бугин. Аллагьас мунагьал чуриялъул магIна буго дунялалда гIадамазда тIатинаричIого гьел рахчун хутIи ва ахираталда гьезухъ гIакъуба гьабунгутIи. БетIергьанас гIадамазда амру гьабун буго ккараб мунагь, хатIа цогидаздасан бахчеян, загьир гьабугеян.

Жалго жидедагоялдаса цIикIкIун гIадамазда гурхIулев Аллагьасеги гьезул мунагьал рахчизе бокьула. Мунагьалдаса тавбу гьабун хадуб цIидасанги гьебго мунагь гьабуни доб тIоцебе гьабураб тавбу гIадада холаро. Ва кIиабизе гьабураб мунагьалдаса цIидасан хехго тавбу гьабизе ккола. Жинца цебе тавбу гьабун букIанила пуланаб мунагьалдаса цинги жинца гьеб тавбуги биххун цIидасанги добго мунагь гьабунила ва гьанже жиндие гьелдаса тIокIаб тавбу букIунарилан абураб пикруялда мунагьалдаги даимлъун рукIунел руго цо-цо чагIи. Гьеб битIараб гьечIо. Берда бихьулаго иблисалъ гьев чиясул ботIролъ лъураб пикру буго тавбуялдаса дов рикIкIад гьавизе вукIине. ТавбугIан рихараб жо иблисалъе гьечIелъул. Жиндицаго гьабизеги рихараб буго гьелъие тавбу, гIадамаз гьабизеги рихараб буго. Гьединлъидал мунагь кканщинахъе гьабизе ккола тавбу, чанцIул такрарлъун гьеб батаниги.



Муса аварагасухъе (гI.с.) цо нухалъ хIелхIелаго иблис бачIун буго. Гьабгощинаб заман рахIматалдаса бачахъунги анин жиндир, гьанжеги жиб тIаса лъугьун тезе бегьуларищан абун щайин Аллагьасда гьаруларебан гаргадун буго. ЛъикI бугинхаян гьелдеги абун ТIуру Сайнаалде щведал Аллагьасулгун калам гьабулаго Муса аварагас (гI.с.) иблисалъул ругьел БетIергьанасде борхун буго. Аллагьас абун буго, Адам аварагасул хабадеги ун гьениб сужда гьабеян абейин иблисалде, гьеб мехалъ жиндир тIаса лъугьин щвелин гьелъие. Гьеб хабарги босун Муса авараг вачIиндал иблисалъ абун буго, чIаго вукIараб мехалъ гьабичIеб жинца сужда Адамие, ганже хун хадусанищ гьабулебилан. ЧIухIадго гьел рагIабиги абун, тавбу гьабизе инкарги гьабун иблис нахъе ун буго.

Гьаб къисаялдасаги нилъеда бихьула иблисалъул чIухIиги жиндирго гIисяналдаса тавбу гьабизе гьелъул бугеб инкарги. Аллагьасе гIассилъун жибго къосараблъун нахъе жиндаго релъун кIванагIан гIемер инсан къосинавизе ва жужахIалде цIазе – гьеле гьелъул аслияб мурад. Тавбу гьабизе инсанасе кумек гьабулеб жо буго тавбу гьабуни жиндиего щолел лъикIлъабазул пикру гьаби. Аварагзаби, вализаби, лъикIал чагIи, муъминзабазулгун хурхен щвей. Амма тавбу гьабичIони Аллагьасул тушбабазул горсвериялда вукIунеблъи. Иблисалъул бетIерлъиялда щайтIабигун фасикъзабазул чотIролъе кколеблъи. Гьединал пикрабаз кумек гьабула тавбуялъе хехлъи гьабизе. Тавбу къабуллъиялъе чара гьечIого хIажатаб буго киналго шартIал тIуразарун гьаби. Бищун кIудияб шартIги мунагьалда ракIбухIи буго. ГIаракъи гьекъей жибго тани гьелъ сахлъиялъе зарал гьабулеб букIин сабаблъун, гьеб тавбу кколаро. Тавбулъун ккезе ккани доб пиша тезе ккола Аллагьас хIарам гьабураб букIин сабаблъиялдалъун. Гьаб жо Аллагьас хIарам гьабун буго, гьукьун буго, гьединлъидал дица Аллагьасул амруялда нахъвилъун гьаб толеб буго. Цебеккунги Аллагьасул амруялъухъ мутIигIлъичIого гьаб хIарамаб пиша гьабиялда ракI бухIана дир. Гьединаб куцалда, цогидал гIиллабазул халгьабичIого Аллагьасе гIасилъиялда гIицIго рекIекълъиялдалъун гьабизе ккола тавбу.

Тавбу гьабун хадуб тIубараб гIумруялъ пашманлъиялда, къварилъахъдилев вукIинеги тIадаб гьечIо. Хадубккун гIумруялъ, тавбу гьабиялдалъун букIараб пашманлъиялъул бакIалда гьелдаса разилъи бачIине биччаларо. Тавбуялдаса хадуб мунагьалдаса разилъи, вохи бачIинчIебгIан мехалъ, мунагьалдаса пашманлъи ракIалда ккун вукIине кколаро. РакIалда ккевчIониги бугеблъун рикIкIуна гьеб. Мунагьалдаса тавбу гьабизе бачIунарого вугони кин букIунеб, гьединав чияс щиб гьабизе кколеб? Яги тавбу гьабулеб мехалъ ракI- ракIалъ гьабун лъугьунеб гьечIони щиб гьабилеб?

Ибну Сабкияcги цогидал гIалимзабазги абулеб буго: чиясда бичIулеб бугони жинцаго гьабулеб тавбу ракIбацIадаб гьечIолъи, гьеб тавбу гьабичIого рехун тезе бегьуларила. Хадуб гьедин гьабураб гьелдаса жиндасаго тавбу гьабизе кколеб букIаниги. Щайин абуни, мацI цо жоялда ругьунлъараб мехалъ дагь-дагьккун ракIги гьелда ругьунлъулила. Астагъфируллагь абураб рагIиги, мисалалъе, ракI- ракIалъ гьечIониги мацIалъ гIемер абураб мехалъ, ахирги ракIги тIад рекъолила гьелда ва ракIбацIадго абизе байбихьулила заманалдасан. Имам Сагьрурдияс абулеб букIун буго гIужбу ккеялда хIинкъаниги гIамал гьаби жибго тогейилан. Авалалда гIужбу батаниги заманалдаса гIужбу нахъе ун Аллагьасе гьабулеб гIамал бацIадго хутIилила. Гьединго букIуна тавбуялъул ишги. Щивав муъминчиясда тIадаб жо буго даим квешлъи малъулеб букIунеб жиндирго нафсалде данде къеркьезе, хассго Аллагьасул амру тIубазе инкар гьелъ гьабураб мехалъ. Гьеб къеркьей цебесеб буго, хIатта загьирав тушманасде данде вагьиялдасаги. Цин цо мунагь гьабизабун, цинги цогидаб мунагьалде ахIун, дагь- дагьккун инсан гьалаглъизави мурад букIуна нафсалъул.

ЦохIо мунагьги кIудияб жо буго. Мунагьал гIемерлъи, гьезда даимлъи цIакъго хIинкъи бугеб жо буго. ХIадисалда абун буго: **«Мунагьал капурлъиялъул чапарзаби ругилан»**, ай капурлъиялъул церехъаби. Нафсалдаса къун мунагь гьабун ккараб мехалъ чияс щибха гьабилеб? БитIараб буго, хехго тавбу гьабила. Мунагь гьабиялдалъун кколел квешал хIасилаздаса цIунун хутIизе, Иншааллагь, Аллагьасе бокьани. Мунагьаб жо тезе кIоларого вугони, кIвахIалъ нахъчIван, яги гьелдаса щола бугеб лазаталъ кверде восун, яги цоги кинаб бугониги гIилла сабаблъун ракIалде щвезабизе ккола кинабго гьоркьоб къотIизабулеб, лазат-кеп биххизабулеб, чара гьечIого тIаде бачIине бугеб хвел. Хвалица чIаголъи чIунтизабула. Хвезе гьечIев чиги гьечIо. Тавбуги гьабичIого вукIаго хвел тIаде бачIани щибилеб. Чара бухIулаха гьеб мехалъ. ГIемерисел гIадамал хола мунагьал гьариялда гIумру тIамулаго, тавбу гьабизе лъачIого, ургъичIого, регIичIого, хадуб гьабилин тун, жеги заман бугилан чIун. Заманин абуни, бихьулищха букIунеб гьечIеб. Гьаб хIалалда хварав захIматаб бакIалде иш ккарав чи вукIуна. Кодоблъиго гьечIого чIового хутIарав чи – гьеле гьев. Гьединавлъун ккезе, кантIизе мисалалги цере рукIаго, чIагояв чи чIезе бегьиларо. Тавбу гьабунгутIиялъе гIилла, мунагь кIудияб букIун, Аллагьас гьеб къабул гьабиялдаса хьул къотIи батани гьеб къосараб пикру рахIматалдаса буго. Аллагьасул хьул лъилго къотIизе бегьуларо. Гьеб жибго буго кIудияб мунагь. Гьелдасаги доб мунагьалдасаги кIиялдасаго тавбу гьабизе ккола. Аллагьасул рахIмат киназего гIаммаб, гIатIидаб букIинги лъазе ккола. ГIасилъарал чагIаздехун Аллагьасул гурхIел гIакъубаялдаса цебе ккараблъун буго. Аллагьасе рецц. ТIадегIанав Аллагьас гIадамазе цIоблъун кьурал жалазул бищун кIудияздасан буго тавбу. Тавбу гьабун лъугьунеб гьечIони тавбу теялдасан тавбу гьабизе ккола. Тавбу теялдасан тавбу гьабунги лъугьунеб гьечIони, тавбу теялда даимлъиялдасан тавбу гьабизе ккола. Ва гьедин даимго чIаго ругебгIан мехалъ. Дару гьечIеб унти Аллагьас бижун гьечIо.

# Заявление ВСМУ относительно участия России в военной операции в Сирии

Хвала Аллаху Милостивому, Милосердному!

Благословение и приветствие Посланному как милость для миров и всем его братьям – пророкам и посланникам, и тем, кто в добродетели последовал за ним до Судного дня.

Достопочтенным членам Всемирного союза мусульманских ученых (да хранит их Аллах).

Мир вам, милость Аллаха и благословение Его!

Пользуясь случаем, от души приветствую вас и молю Аллаха, чтобы он благословил вас и ваши усилия в служении исламу и мусульманам.

В ответ на ваше письмо, полученное нами от нашего представителя в Российской Федерации, хотел бы дать следующие разъяснения нашей позиции:

1. Всемирный союз мусульманских ученых – всемирная организация, представляющая десятки тысяч мусульманских улемов всего мира, а также десятки светских ассоциаций и объединений. Он позитивно относится к Российской Федерации, которая сегодня поддерживает арабов и мусульман своей позицией по проблеме Палестины и подобным ей проблемам.

Мы приветствовали произошедшее после распада Советского Союза возвращение России на арену принятия важнейших политических решений во имя строительства многополярного мира и надеемся, что Россия будет поддерживать мусульманские народы, так как режимы приходят и уходят, а народы и их духовные ценности остаются.

2. Подтверждаем вам, что ВСМУ стоит на умеренных позициях, и наша единственная цель – служить интересам мусульман и других людей. Будучи привержены нашим особым отношениям с Российской Федерацией, мы работали и будем и впредь работать ради блага мусульман, ради стабильности в Российской Федерации.

3. На всех конференциях, проходивших при нашем участии в Российской Федерации на протяжении последних пяти лет, мы проявляли заботу об оказании любой возможной помощи нашим мусульманским братьям и всегда осуждали насилие и террор. Нами были также изданы фетвы, в которых указывалось, что республики, в которых проживают мусульмане, не являются территорией войны, а представляют собой, согласно шариату, территорию мира. Поэтому в них нельзя объявлять войну мусульманам и муахадам (это те, с кем у мусульман есть договор о примирении и отказе от военных действий), и для этого нет шариатских оснований. Мы также обратились к молодым людям, взявшим в руки оружие, ошибочно полагая, что эти республики являются территорией войны, потребовав от них отказаться от насилия, пересмотреть свои взгляды, вернуться в общество и принять участие в обустройстве своей родины, внести вклад в ее прогресс. По признанию высокопоставленных руководителей, деятельность ВСМУ способствовала укреплению безопасности и стабильности в мусульманских регионах России.

4. Мы ясно осудили ИГИЛ и установили, что провозглашение исламского халифата со стороны этой организации не отвечает никаким шариатским критериям и реалиям нашего времени. Мы отмечали это, в частности, на Международной богословской конференции «Умеренность в религии – путь к миру, добрососедству и прогрессу», прошедшей в столице Ингушетии, г. Магасе, 14 мая 2015 года.

Учитывая агрессивный характер псевдохалифата ИГИЛ, убивающего тысячи мирных людей и угрожающего жизням и безопасности миллионов людей, мы с пониманием относимся к применению Россией и другими странами мер силового противодействия агрессивной экспансии ИГИЛ и всех тех, кто убивает и творит насилие в отношении мирных людей. Мы с пониманием относимся к озабоченности России тем, чтобы боевики этой террористической организации не направлялись потом на территорию России.

5. Исходя из нашей любви к мусульманам и ко всем гражданам Российской Федерации, мы искренне не желаем, чтобы в Сирии погибали россияне. Наши расхождения с позицией России касались только отношения к умеренной оппозиции персонально к Башару Асаду. Мы считаем, что сирийский народ имеет полное право его сменить. При этом мы согласны с вами в том, что смену режима должен осуществлять именно сирийский народ, а не другие страны. Мы приветствуем, что Россия вместе с другими странами ищет политическое решение для того, чтобы обеспечить свободное волеизъявление сирийского народа.

Наше прежнее заявление содержало возражения исключительно против вмешательства извне во внутрисирийское противостояние, включая военное. Это особенно опасно, когда при воздушных ударах гибнут мирные люди. При этом нас радует, что МИД России выступил за сотрудничество с конструктивной сирийской оппозицией.

6. ВСМУ считает Россию важным партнером мусульманских стран и имеет статус страны-наблюдателя в Организации исламского сотрудничества, хочет развивать с ней добрые конструктивные отношения.

Мы хотели бы, чтобы Российская Федерация активно участвовала в восстановлении безопасности и спокойствия в Сирии, способствуя появлению в этой стране избранной власти, которая представляла бы сирийский народ, а не диктаторский режим, убивающий своих соотечественников, не ИГИЛ и не «АльКаиду». Мы считаем, что такое развитие событий будет в интересах России, обеспечит доверие к ней и ее возвращение на арену мусульманского мира.

Во избежание возникающих недоразумений при принятии документов, затрагивающих интересы России и мусульман России, следует предварительно проводить консультации и обсуждения с мусульманскими учеными России.

Воздадим же хвалу Аллаху, Господу миров!

**Ваш любящий брат,**
**Шейх, д-р Али Мухи ад-Дин аль-Карадаги**
**Генеральный секретарь ВСМУ**
**Вице-президент Европейского совета по фетвам и исследованиям**

*спорт*

# Чемпионазул парад

**Ахираб заманалда республикаялда, Россиялда ва дунялалда тIоритIулел батIи-батIиял спортивиял къецазда нилъер районцоялъ лъикIал хIасилал рихьизарулел руго. Боксерал, гугарухъаби, квер жубараб рагъул гIахьалчагIи – гьел гурел цогидалги руго нилъер районалда. Руго хIасилал кьечIел къецалги. Гьел киназулго бицине буго жакъасеб спортивиял обзоралда.**

## Лъебелазул боксерал

Ноябралъул ахиралда нилъер ракьцоял гIолилазул къукъаялъ бихьизабуна лъебелазул спортсменазул махщел ва спорталдехун бугеб рокьи. Гьединазул цояв ккола НитIиицухъ росулъа Муслим ХIажимухIамадов. Гьев вахъана 8I кг цIайиялда боксалъул рахъалъ гIолилазда гьоркьов Европаялъул чемпион. Киналго дандчIваязда гьес ракIчIарарал бергьенлъаби росана. Цойги нилъер гIолилав, Мазадаса Садам МухIамадов бергьана Самара шагьаралда тIобитIараб Россиялъул чемпионаталда. Европаялъул чемпионаталдаги гIахьаллъи гьабуна гьес, амма гьенив судиязул кумекалдалъун къезавуна, дандчIваялда бергьулев вукIаниги. Россиялъул чемпионаталда гьесда данде рукIана Россиялъул чемпионал, Европаялъул призерал ва цоги махщел бергьарал спорсменал, амма Садамица жив бищун лъикIав спорсмен вукIин тасдикъ гьабуна. Садам бергьана гьединго СКФОялъул чемпионаталдаги.

РакI-ракIалъго баркула районцоязда нилеър гIолилазул бергьенлъи, гьарула гьезие щулияб сахлъи ва хадусел бергьенлъаби. Гьел гIолилазул рес буго хадусел соназда улкаялъул тIасабищараб командаялда гьорлъе ине ва Бразилиялда тIобитIизе кколеб Олимпиадаялдаги гIахьаллъизе. Тавпикъ кьеги нилъер гIолилазе.

## Ветераназул чемпион

Рагъулал инвалидазда гьоркьоб Дагъистаналъул спартакиадаялда гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв, ТIадиял росулъа пенсиялда вугев полициялъул майор ГIалихIажи МухIамадовас. Квер жубараб рагъулъ (армрестлинг) ва гири борхиялъул рахъалъ гьес жиндирго цIайиялда тIоцебесеб бакI босана, канат цIаялъул къецалда гьес кIиабилеб бакI босана. Гьединал руго нилъер лъебелазул спортсменал, пенсиялда ругониги кидаго спортивиял къецазда гIахьаллъулел. Биччанте гIолилазги гьездаса мисал босизе.

## Греказул гугариялъул рахъалъ дунялалаъул чемпион

Октябралъул ахиралда Грузиялда тIобитIана инвалидазда гьоркьоб греко-римскияб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионат. Гьеб чемпионаталда Татарстаналъул командаялда гьорлъ гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв, КIособ росулъа ИсмагIил Насрулаевас. 66 кг цIайиялда гьес киналго бергьенлъаби росана ва ракIчIун дунялалъул чемпионлъун вахъана. РакI-ракIалъ баркула росдал жамагIаталда, гIагарлъиялда ва живго ИсмагIилида.

## Дзюдо. Россиялъул чемпион

ЧIилда росулъа Шамиль МухIамадов вахъана дзюдоялъул рахъалъ Россиялъул чемпионлъун. Октябралъул ахиралда Новосибирск шагьаралда тIобитIарал чемпионаталда 73 кг цIайиялда ракIчIараб бергьенлъи босана нилъер ракьцояс. Гьев ккола Россиялъул тIасабищараб командаялъул гIахьалчи. Хьул буго гьев спорсмен нахъеги гьебго даражаялда хутIилин ва цоги халкъазда гьоркьосел къецазда бергьенлъаби росун нилъ роххизе гьарилин гьес. Дзюдо рикIкIуна нилъер районалъул спортлъун, руго нилъер машгьурал дзюдоистал, цохIо Олимпиялъул медаль камун буго, хьул буго гьебги кватIичIого щвелин нилъехъе.

## ХIасил кьечIел къецал

Бергьенлъабазда цадахъ мехмехалъ рукIунел руго битIккечIел къецалги. Гьединаблъун ккана октябралъул ахиралда Шамил районалъул ХIебде бухьараб нилъер эркенал гугарухъабазул сапар. Гьенир тIоритIана гIолилазда гьоркьор гугариялъул зоналиял къецал. ЛъаратIа ДЮСШялъул командаялъул цонигияв бергьечIо гьеб турниралда, гIицIго гIахьаллъана гьел. Лъабабилебцин бакI босичIо цониги спортсменас. Гьединал хIасилал ккеялъе гIилла, дир хIисабалъ, ккола жиндир заманалда тренировкаби байбихьунгутIи. Хьул буго гьелъул хIисабги гьабун, тренераз гугариялде цIикIкIун кIвар кьез букIиналда.

**ЧАКЪАЛОВ**



*29 ноябрь – эбелалъул къо*

## Баркула

Хириял районцоял!

Яцал, ясал, улбул ва лъудби.

РакI-ракIалъ баркула нужеда эбелалъул къо. Нужеца кьуна Дагъистаналъе бихьинал гIолилалги, берцинал ясалги.

Гьарула нужее кидагосеб сахлъигун роххел, хъизан-минаялда битIккей, баркат ва кидагосеб бацIцIадаб зоб.

**Райадминистрация**

# Спорткомитеталъул цIияв нухмалъулев



**Районалъул администрациялъул бетIерасул буюрухъалда рекъон, ЛъаратIа муниципалияб гIуцIиялъул спорткомитеталъул нухмалъулевлъун тIамуна Давуд Рамазанов.**

Гьев гьавуна 1961 соналъ ЛъаратIа росулъ. 1979 соналъ лъугIанар ЛъаратIа гьоркьохъеб школа, 1981-1985 соназда цIалана Липецк шагьаралда физкультурияб институталда, гьесул буго кандидат в мастера спорта абураб цIарги. 1985-1992 соназда хIалтIана мугIалимлъун, 2005 соналде щвезегIан хIалтIана полициялда. 2009-2015 соназда хIалтIана ДЮСШялда.

Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасулгун ЛъаратIа клубалда тIобитIараб данделъиялда гьес рагIи кьун букIана Давуд Рамазанов районалъул спорткомитеталъул нухмалъулевлъун тIамизе вугин. Гьес жинцаго кьураб рагIи ккуна, Давуд октябралдаса нахъе цIияб хъулухъалда хIалтIулев вуго. Гьев вуго спортги лъалев, гьеб бокьулев чи, ракIчIун буго гьес чIванкъотIарал, пайда бугел тадбирал гьаризе рукIиналда. **ЧАКЪАЛОВ**

*Спорт*

# ГТОялде хIадур руго

**Ноябралъул байбихьуда МахIачхъалаялда «Труд» стадионалда тIобитIана ГТО - тIолгороссиялъул физкультураялъулгун спорталъул комплексалъул фестиваль. (ГТО – готов к труду и обороне). Гьениб тIобитIана батIи-батIияб спорталъул нормативал кьеялъул къецал. Тадбир тIобитIулеб букIана ВатIанияб рагъулъ бергьенлъи босиялъул 70 тIубаялъул хIурматалда.**

Аслияб къагIидаялъ гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабулеб букIана муниципалияб хIалтIухъабаз, Халкъияб собраниялъул депутатаз, росабазул ва районазул депутатаз, ЖамгIияб палатаялъул членаз. Киналго рикьун рукIана анлъго ригьалъул группабазде.

Гьениб жигараб гIахьаллъи гьабуна нилъер администрациялъул хIалтIухъабазги. Гьезда гьорлъ, СагIаду Рамазанов, МухIамадхIасан МухIамадов,Давуд Рамазанов,СайидмухIамад ХIасанов, Рамазан ГIабдулхаликъов, ГIабдула ГIабдулаев, МухIамад Шарапудинов, ШагIбан ШагIбанов. Гьез киназго ГТОялъул нормаби кьуна ва меседил значок босана.

ГТОялъул нормативал кьолаан киналго гIадамаз Совет пачалихъалъул заманалдаго. Гьелъул аслияб мурад буго спорталъул ва сахаб гIумру-яшавалъул пропаганда гьаби, киналго гражданазул спорталдехун ва физкультураялдехун рокьи бижизаби. ГТО цо заманалда гьоркьоб тун букIана, араб соналъ президент Владимир Путинил буюрухъалда рекъон гьеб тадбир цIигьабуна.

**Давуд РАМАЗАНОВ,**
**районалъул спорткомитеталъул нухмалъулев**

# Дунялалъул кубок ва Европаялъул чемпионат босана



**БелъелдасаКъурамухIамад Мусаев вахъана панкратионалъул рахъалъ (правилаби гьечIеб рагъ) Европаялъул чемпионлъун. 15 ноябралда Венгриялъул тахшагьар Будапешталда тIоритIарал къецазда гьес ракIчIараб бергьенлъи босана 70 кг цIайиялда. КъурамухIамад гьединго бергьана Новороссийскиялда тIобитIараб дунялалъул кубокалда. Гьев гьитIинаб къоялдаса нахъе вукIана спорт бокьулев гIолохъанчи, цереккунги рукIана Мусаевасул бергьенлъаби, гьарула гьесие жеги къецазулъ тавпикъ ва гIумруялъул талихI.**

ЧАКЪАЛОВ

# Нилъедаса ватIалъана



Нагагьаб балагьалдалъун авариялъ ккун тIоцебесеб декабралда нилъедаса ватIалъана ЛъаратIа культурияб рукъалъул хIалтIухъан, Салда росулъа **АхIмадулагьил вас ТIагьир.** РакI рагьарав, аваданав гIолохъанчиясул гIумруялъул кун цIакъ хехго тIуна, гьесул букIана 27 сон. Гьелдаса кIиго къоялъ цебе бертин гьабун букIана ТIагьирица. Райадминистрациялъул, Культурияб рукъалъул хIалтIухъабаз ва цоги районцояз гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго гьесул эбел-инсуда, гIолохъанай бахIаралда ва цоги гIага-божаразда. Аллагьас Алжаналде тIовитIун ватайги, нахъе хутIаразеги сабру кьеги.

**Райадминистрация,**
**Редакция, Культурияб рукъ**

*нилъер табигIат*

**ЛъаратIа тIоцебесеб гIазу**



# ЛЪАЗАБИ

Аттестат №05АА 0040068, выданный в 2008 году Сикарской среднеобраовательной школой **Алиеву Асхабу Магомедовичу** СЧИТАТЬ НЕДЕЙСТВИТЕЛЬНЫМ.

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 1.12.2015
Заказ ______